Зæрдæвæрæны мæйы 14 бон, цыппæрæм.

Урочы темæ:Фыстæг Интернетæй.



# Эпиграф:

## «ХЪУАМÆ АХÆМ ФЫССТÆДЖЫТÆ НЫфФЫССАЙ,ДÆХИ ЦАВÆРТÆ ФÆНДЫ РАЙСЫН…»

**(ПИШИ ТАКИЕ ПИСЬМА,КОТОРЫЕ ХОТЕЛ БЫ ПОЛУЧИТЬ САМ…)**



# *Фонетикон зарядкæ:*

Дз Дза ДзæДзе Дзо Дзу
Ц Ца Цæ Це Цо Цу

Фондз
Дзырд
Дзывылдар
Рудзынг
Æмдзæвгæ

Дзывыл-дзывыл,<br>
Дзывылдар,<br>
Цæмæй конд у дæ<br>
хæдзар?<br>
-Кæрдæг хæлттæй<br>
Мæ хæдзар<br>
Æнæ рудзынг,<br>
Æнæ дуар.

*Дзырдуатон куыст:*

**Фыстæг-письмо;**
**Постхæссæг-почтальон;**
**Фыдæлтæ-предки;**
**Аргъау-сказка;**
**Хæзна-сокровище;**
**Галуан-дворец;**
**Сахар-город;**
**Хæрзæфснайд-тщательно убрано;**
**Зæрдиагæй-от души;**

# *Восстанови последовательность слов:

**Фыстæг-письмо;**
**Постхæссæг-почтальон;**
**Фыдæлтæ-предки;**
**Аргъау-сказка;**
**Хæзна-сокровище;**
**Галуан-дворец;**
**Сахар-город;**
**Хæрзæфснайд-тщательно убрано;**
**Зæрдиагæй-от души;**



Æз цæрын Стамбулы.Мæ ном хуыйны Азрат.Мæ фыдæлтæ раджы ралыгъдысты Туркмæ Ирыстонæй.

Ис мын мад,фыд,дада,нана æмæ хо Дзæрассæ.Дзерассæ изæрыгон уарзы хъусын нанайы аргъæуттæм æмæ дадайы таурæгътæм. Мах бирæ уарзæм ирон æвзаг.

Хæдзары дзурæм æрмæстдæр иронау.Нæ рох кæнæм нæ хæзнаты-хæзна.Зонын туркаг æмæ англисаг æвзæгтæ дæр.

Стамбул у тынг рæсугъд горæт.Ис нæм скъолатæ,культурæйы галуантæ,спорты галуантæ,улæфты бынæттæ,мæдæцинон центртæ.Нæ сахары уынгтæ сты уæрæх.Ис нæм бульвартæ æмæ хæрзæфснайд сквертæ.

Мæн фæнды ацæуын нæ фыдæлты зæхх-Ирыстонмæ.Сымах та зæрдиагæй хонын Стамбулмæ.







toholiday.ru



*Текстмæ гæсгæ раст вариант зæгъ:*

1. Алан цæры Цхинвалы?
2. Йæ фыдæлтæ цардысты Ирыстоны?
3. Ис йын æфсымæр?
4. Уарзы дыгурон æвзаг?
5. Иронау нæ дзуры?
6. Стамбулы ис Петропавловский фидар?
7. Азраты нæ фæнды Ирыстонмæ?



ХÆСЛÆВÆРДТÆ:

1. Тексты ссарын бирæон нымæцы номдартæ.
2. Ссарын мивдисджытæ,сбæрæг кæнын сæ афон.
3. Ссарын номивджытæ.
4. Ссарын фæрсдзырдтæ.

## *Восстанови последовательность текста:*

- Æз бирæ уарзын ирон æвзаг.
- Мæ фыдæлтæ ралыгъдысты Туркмæ Ирыстонæй.
- Æз цæрын Стамбулы.
- Мæ ном хуыйны Азрат.
- Сымах та зæрдиагæй хонын Стамбулмæ.









# КЪОРДТЫ КУЫСТ:

| | |
|---|---|
| • Атасындзæг кæнын дзырдтæ: ФЫСТÆГ, ФЫСТÆДЖЫТÆ. | • Аифтындзæг кæнын дзырдтæ: ФЫССЫН,РАЙСЫН. |
| • Определи лицо и число глагола: -æм,-ынц,-ы,-ут,-ын,,-ыс. | • Определи падеж: -æн,-ау,-ыл,-имæ,-ын,-мæ. |













В годы Великой Отечественной войны солдаты писали письма на листочке бумаги, а затем складывали его особым образом, чтобы получался треугольник.



***Мæ ном у Алан.Æз цæрын Цхинвалы.Нæ сахары ном нын зонынц æппæт дунейы адæм дæр.Мах стæм сæрибаруарзаг адæм. Архайæм цæмæй нæсахар ноджы рæсугъддæр уа.Уый тыххæй нын бирæ горæттæ æмæ бæстæтæ æххуыс кæнынц.Уæлдай тынгдæр Мæскуы æмæ Дзæуджыхъæуы сахар.Мах стыр бузныг стæм æппæт адæмтæй,зын сахат нын кæй баххуыс кодтой, уый тыххæй.***
***Ныр та дæ хонын Цхивалмæ.***

***Æнцойгæнæн дзырдтæ хæдзармæ куыст æххæст кæнынмæ:***

**Театртæ;**
**Аргъуантæ;**
**Уынгтæ;**
**Цыртдзæвæнтæ;**
**Музейтæ;**
**Историон бынæттæ;**
**Скъолатæ;**
**Сквертæ;**









ХÆРЗБОН!
НÆ НОГ ФЕМБÆЛДМÆ!